

# Pwogram Asistans pou Lokasyon an Ijans

## Enfòmasyon pou lokatè yo – Lis kontwòl dokiman

Pwogram Asistans pou Lokasyon an Ijans (Emergency Rental Assistance Program) Eta New York la ede fwaye ki elijib yo ki an reta sou lwaye yo epi ki te fè fas ak difikilte finansye akòz COVID-19 epi ki riske pou yo sanzabri oswa nan enstabilite lojman.

### Lè y ap aplike, lokatè yo pral bezwen bay:

- **Idantifikasyon pèsonèl** pou aplikan prensipal la (moun k ap siyen aplikasyon an). Fòmilè idantifikasyon akseptab yo gen ladan atik tankou: Yon foto idantite, pèmi kondwi oswa ID ki pa pou chofè ke gouvènman an bay, paspò, Kat Emisyon, batistè oswa papyè enskripsyon lekòl.
- **Nimewo Sekirite Sosyal** nenpòt manm nan fwaye a ki te resevwa yonn. **Moun yo pa bezwen gen yon estati imigrasyon legal pou kalifye pou pwogram lan.**
- **Prèv montan pou lokasyon**, kontra lwaye ki siyen, menm si li ekspire. Si pa gen okenn kontra lwaye ki disponib lè sa a, yo ka montre prèv atravè yon resi lwaye, chèk anile oswa kòmand lajan. Si pa gen okenn dokiman ki disponib, yo pral aksepte atestasyon pwopriyete kay la.
- **Prèv rezidans ak okipasyon** – kontra lwaye ki siyen, resi lwaye, bòdwo pou sèvis piblik, dosye lekòl, deklarasyon bankè, kourye postal ak non moun k ap aplike a, bòdwo asirans, oswa pèmi kondwi. Prèv yo ta dwe ajou.
- **Prèv sou revni:**
  - **Dokiman ki demontre revni chak mwa** pou mwa anvan an, tankou souch peman, verifikasyon depo kont bankè, lèt avantaj chomaj, oswa lòt prèv;

### OSWA

- **Dokiman ki demontre revni anyèl pou 2020**, tankou yon fòmilè taks W-2 ki sotiu nan men yon anplwayè, yon deklarasyon salè anyèl, oswa yon kopi sou deklarasyon taks sou revni ranpli, tankou yon fòmilè taks 1040, 1040EZ, 1099, oswa lòt prèv ki montre revni anyèl pou 2020 an.
- Yo pèmèt oto-atestasyon atravè yon deklarasyon revni ki ekri ak siyen nan kèk sikonstans kote pa gen okenn dokiman ki disponib tankou kèk moun ki travay endepandan.
- **Kopi bòdwo pou gaz oswa pou elektrisite**, si w ap aplike pou èd pou peye aryere sèvis piblik nan menm inite lokasyon an.

Yo pral mande aplikan yo pou ateste ke nan dat oswa apre 13 mas 2020, yon manm nan fwaye a te resevwa avantaj chomaj **oswa** li te fè fas ak yon rediksyon nan revni sou lwaye, li te antrene depans sinifikatif oswa li te fè fas ak lòt difikilte finansye, dirèkteman oswa endirèkteman, akòz pandemi COVID-19 la. Aplikan an pral bezwen siyen fòmilè aplikasyon an ak sètifika ki asosye yo ki dakò ke enfòmasyon yo bay nan aplikasyon an egzat.